

Appel à communication

Journée d'étude sur le travail en Haïti

30 avril 2021

EN VISIOCONFERENCE

(La version créole suit la version française)

Le travail est une de ces notions problématiques qui ne se laissent pas aborder au travers d'une définition qui fait consensus. Son contenu et son sens varient selon les époques et les cultures (Mercure et Spurk, 2019). À la question qu'est-ce que le travail, les sciences sociales proposent différentes réponses. Pour certains, c'est un phénomène anthropologique propre à l'être humain dans son rapport avec la nature. Karl Marx (1867) par exemple définit le travail comme un processus dans lequel l'être humain, par une action physique, transforme la nature en quelque chose qui lui est utile. Et ce faisant, il se transforme lui-même. Allant dans cette même conception, certains auteurs considèrent le travail comme toute activité à vocation productive (Lallement, 2007 ; Vatin, 2014). Si l'acte de transformation de la nature est d'ordre anthropologique, la catégorie travail telle que conçue dans les sociétés contemporaines est pour d'autres auteurs d'ordre historique et remonte à l'avènement de la modernité occidentale. Elle est liée au salariat et se définit dans le cadre de ce rapport social (Gorz, 1988; Méda et Vendramin, 2013).

On retrouve ailleurs d'autres approches dans la manière de concevoir le travail. Il est tantôt associé à la pénibilité (Arendt, 1961 ; Volkoff, 2006,.) à la réalisation de soi (Flichy, 2017), à ce qui permet de se donner du sens (Hanique, 2004; Dujarier, 2006). Outre ces différentes conceptions du travail, sans verser dans une généralité, il faut également l'analyser dans son contexte culturel, historique en lien avec ses différentes formes concrètes selon les sociétés (Naville et Friedman, 1961).

Il en ressort que pour étudier le travail, il est nécessaire de le prendre dans un rapport au temps et à l'espace qui lui donnent forme. C'est dans ce cadre-là que le Centre haïtien de recherche en sciences sociales (Charezzo) réalise une journée d'étude sur la question du travail en Haïti. Dans un contexte de désengagement de l'État et d'une débrouille systémique, le Centre invite les chercheurs et les chercheuses à réfléchir sur le travail en Haïti, sur son évolution dans le temps et ses différentes manifestations. Quels sont les mécanismes de contrôle et de régulation du travail ? Comment cohabitent le salariat et le travail non-salarié dans cette société ? Quelle est la part du travail souhaité et du travail par défaut (Alcimé et Louis, 2021) ? Quelle place occupe le travail dans la vie des Haïtiens ?

Les contributions à cette journée d'études peuvent s'orienter suivant quatre axes.

Axe 1. Histoire du travail en Haïti

A travers cet axe, les chercheuses et chercheurs sont conviés à proposer des découpages historiques sur le travail dans la société haïtienne. Quelles sont les formes et les évolutions qu'a connu le travail ? En quoi son histoire fait écho ou pas avec l'histoire du travail dans d'autres espaces géographiques ?

Axe 2. Représentation sociale et rapport au travail

L'histoire d'Haïti est frappée du sceau de l'esclavage qui a laissé des empreintes encore présentes dans la vie des Haïtiennes et des Haïtiens. La forme dominante du travail dans la société esclavagiste était le travail forcé que fuyaient celles et ceux qu'on a appelé les marrons. Cette nécessaire représentation du travail comme pénibilité à fuir se retrouve-t-elle encore aujourd'hui dans le rapport au travail en Haïti ? D'un autre côté, quel sens prend le travail dans une société de débrouille ? Il est également question ici, de déceler un ethos du travail qui recouvre les valeurs, attitudes et croyances qui témoignent de la place et du sens du travail dans la vie de l'Haïtien.

Axe 3. Conditions et qualité de travail

Questionner les conditions de travail revient à analyser les mécanismes institutionnels et juridiques et leur mise en application dans l'objectif de rendre le travail supportable. Faut-il revoir le code du travail haïtien face aux nouvelles formes et catégories des travailleurs ? En quoi les mesures juridiques protègent les Haïtiennes et les Haïtiens contre le harcèlement, les risques psychosociaux et les maladies dues à l'usure professionnelle ? Comment analyser l'effectivité des organismes de protection ou de sécurité sociale en Haïti ? Comment concevoir le droit des travailleurs et la liberté syndicale par « catégorie » professionnelle ? Cet axe vise aussi à questionner la qualité du travail en temps de crise, le déploiement du travail numérique et le numérique au travail en Haïti.

Axe 4. Précarité, chômage et travailleurs pauvres

En Haïti, une grande partie des travailleuses et des travailleurs sont pauvres. Ces personnes sont dans l'incapacité de satisfaire leurs besoins fondamentaux et leurs activités ne leur permettent pas de sortir de la pauvreté et du chômage de masse. Cette situation pousse à questionner la notion du chômage. Que signifie être au chômage en Haïti ? Quels sont les critères adoptés par Haïti pour le définir ? Qu'est-ce qui différencie un travailleur non salarié d'un chômeur en Haïti ? Cet axe propose de questionner la précarité en Haïti, les types d'emplois, de contrats de travail, les revenus des travailleurs par rapport à leurs besoins.

Bibliographie

- Alcimé, Bengie et Louis, Wilsot, 2021, « La vente de crédits de communication au croisement du travail par défaut et de la débrouille exploitée », *SociologieS*, <http://journals.openedition.org/sociologies/16327>
- Arendt, Hannah, 1961, *Condition de l'homme moderne*, Paris, Agora.
- Dujarier, Marie-Anne, 2006, *L'idéal au travail*, Paris, PUF.

- Flichy, Patrice, 2017, *Les nouvelles frontières du travail à l'ère du numérique*, Paris, Seuil.
- Gorz, André, 1988, *Métamorphoses du travail. Critique de la raison économique*, Paris, Gallimard.
- Hanique, Fabienne, 2004, *Le sens du travail. Chronique de la modernisation au guichet*, Ramonville Saint-Agne, Érès.
- Lallement, Michel, 2007, *Le Travail. Une sociologie contemporaine*, Paris, Gallimard.
- Marx, Karl, 1867, *Le Capital*, Livre 1, Paris, PUF.
- Méda, Dominique et Vendramin, Patricia, 2013, *Réinventer le travail*, Paris, PUF
- Mercure, Daniel et Spurk, Jan (dir), *Les théories du travail*, Laval, Presses de l'Université Laval
- Naville, Pierre et Friedmann, Georges, 1961, *Traité de sociologie du travail*, Paris, Armand Colin.
- Vatin François, 2014, *Le travail : Activité productive et ordre social*, Paris, Presses universitaires de Paris Ouest.
- Volkoff, Serge, 2006, « Montrer » la pénibilité : le parcours professionnel des éboueurs, *actes de la recherche en sciences sociales*, No 163, PP 62-71.

Soumission des propositions

Les propositions de communication sont à déposer **jusqu'au 26 mars 2021** sur le lien suivant:

<https://www.charesso.org/journee-detudes-sur-le-travail/soumission-de-communication/>

Les propositions comporteront **entre de 2000 et 2 500 signes** (espaces compris, bibliographie non incluse) ainsi que cinq mots-clés.

Calendrier :

Réception des propositions	26 mars 2021
Notification aux auteurs	2 avril 2021
Réalisation de la journée d'études	30 Avril 2021

Pour le comité d'organisation :

Bengie Alcimé : benalcime@gmail.com
Lefranc Joseph : lefranc.joseph@charesso.org
Wilsot Louis : wilsotlouis@gmail.com
Bernadin Larrieux: bernadin.larrieux@charesso.org

Apèl pou kominikasyon

Jounen etid sou travay an Ayiti

30 avril 2021

ANLIY

(Vèsyon fransè an avan vèsyon kreyòl la)

Travay se youn nan nosyon pwoblèm ki pa gen yon definisyon ki fè konsansis. Kontni ak siyifikasyon li varye dapre epòk ak kilti (Mercurie ak Spurk, 2019). Fas ak kesyon « ki sa travay la ye ? », syans sosyal yo ofri divès kalte repons. Pou kèk, li se yon fenomèn antwopolojik san parèy ki pwòp ak moun nan relasyon yo ak lanati. Karl Marx (1867) pa egzanp defini travay tankou yon pwosesis kote moun, atravè aksyon fizik, transfòme lanati pou fè yon bagay itil li. Epi nan fè sa konsa, li transfòme tèt li. Nan menm konsepsyon sa a, kèk otè konsidere travay tankou nenpòt aktivite ki gen yon vokasyon pwodiktif (Lallement, 2007 ; Vatin, 2014). Si aksyon transfòme lanati se yon bagay antwopolojik, gen otè ki kwè kategori travay jan yo wè li nan sosyete kontanporen se yon bagay istorik ki marande ak modènite oksidantal la. Kategori sa a lye ak salè, epi li defini nan kad menm relasyon sosyal sa a (Gorz, 1988 ; Méda ak Vendramin, 2013).

Gen lòt chirepit ankò nan fason yo konprann konsèp travay la. Yo konn asosye li ak bourike (Arendt, 1961 ; Volkoff, 2006), reyalizasyon pwòp tèt ou (Flichy, 2017), yon aktivite ki gen sans ak siyifikasyon pou moun k ap fè li (Hanique, 2004 ; Dujarier, 2006). Anplis diferan konsepsyon travay sa yo, san nou pa tonbe nan yon jeneralite, fòk nou konsidere kontèks kiltirèl ak istorik yo an koneksyon avèk diferan fòm konkrè li pran nan sosyete yo (Naville ak Friedman, 1961).

Nan bon jan etid sou travay li nesèsè pou konprann li nan relasyon ak tan an ak espas ki ba li fòm. Se nan kontèks sa a, Sant Ayisyen pou Rechèch nan Syans Sosyal (Charezzo) ap fè yon jounen etid sou kesyon travay an Ayiti. Nan yon kontèks dezangajman leta ak pratik ti debwouye ki gaye tout kote nan peye a, Sant lan envite chèchè yo reflechi sou travay an Ayiti, sou evolisyon li nan tan ak divès kalite manifestasyon li yo. Ki mekanis ki genyen pou kontwòle ak reglemante travay? Ki jan travayè salarye ak travay ki pa salarye egziste ansanm nan sosyete a? Ki jan travay swete ak travay pa defo fonksyone ansanm (Alcimé ak Louis, 2021)? Ki pls travay okipe nan lavi Ayisyen?

Kontribisyon nan jounen etid sa a ka oryante sou kat aks :

Aks 1. Istwa travay an Ayiti

Atravè aks sa a, Sant la envite chèchè yo pwopoze dekoupe istorik sou travay nan sosyete ayisyen an. Ki fòm ak evolisyon travay pran nan sosyete a? Kouman istwa travay nan peyi a fè eko ou pa ak istwa travay nan lòt zòn jewografik?

Aks 2. Repezantasyon sosyal ak relasyon nan travay

Istwa Ayiti a make ak so esklavaj ki kite anprent toujou prezan nan lavi Ayisyen yo. Fòm dominan nan travay nan sosyete esklavajis la se te travay fòse kote moun ki te rele maron yo te chache evite. Èske repezantasyon travay sa a ki parèt tankou yon bagay penib pou moun evite jwenn plas li toujou nan nan relasyon moun gen ak travay an Ayiti? Yon lòt bò, ki sa ki siyifikasyon travay pran nan yon sosyete kote di degaje jeneralize? Sa ki enpòtan se pou detekte yon etòs travay ki kouvri valè, atitud ak kwayans ki ede nou konprann plas ak siyifikasyon travay nan lavi Ayisyen yo.

Aks 3. Kondisyon ak kalite travay

Kesyone kondisyon travay mennen nou analize mekanis enstitisyonèl ak legal epi aplikasyon yo nan objektif pou rann travay sipòtab. Eske nou ta dwe revize kòd travay ayisyen an lè n konsidere nouvo fòm ak kategori travayè yo? Ki jan mezi legal pwoteje Ayisyen kont asèlman, risk sikososal ak maladi ki lye à pratik pwofesyonèl? Ki jan yo analize efikasite òganis pwoteksyon ak sekirite sosyal an Ayiti? Ki jan pou konsevwa dwa travayè ak libète sendikal dapre "kategori" pwofesyonèl? Aks sa a tou gen pou objektif pou kesyone kalite travay nan moman kriz, deplwaman travay nimerik ak prezans nimerik nan travay an Ayiti.

Aks 4. Prekarite, chomaj ak travayè ki pa rive viv ak travay yo

Ann Ayiti, yon gwo pati nan travayè yo pa rive viv byen. Moun sa yo pa kapab satisfè bezwen debaz yo ak aktivite yo pa pèmèt yo soti nan povrete ak chomaj jeneralize a. Sitiyasyon sa a pouse nou kesyone nosyon chomaj la. Kisa sa vle di yon moun nan chomaj an Ayiti? Ki kritè Ayiti adopte pou defini li? Ki sa ki diferansye yon travayè endepandan ak yon moun ki nan chomaj ? Aks sa a pwopoze kesyone prekarite an Ayiti, kalite travay, kontra travay, revni travayè yo pa rapò ak bezwen yo.

Bibliyografi

- Alcimé, Bengie et Louis, Wilsot, 2021, « La vente de crédits de communication au croisement du travail par défaut et de la débrouille exploitée », *SociologieS*, <http://journals.openedition.org/sociologies/16327>
- Arendt, Hannah, 1961, *Condition de l'homme moderne*, Paris, Agora.
- Dujarier, Marie-Anne, 2006, *L'idéal au travail*, Paris, PUF.
- Flichy, Patrice, 2017, *Les nouvelles frontières du travail à l'ère du numérique*, Paris, Seuil.
- Gorz, André, 1988, *Métamorphoses du travail. Critique de la raison économique*, Paris, Gallimard.
- Hanique, Fabienne, 2004, *Le sens du travail. Chronique de la modernisation au guichet*, Ramonville Saint-Agne, Érès.
- Lallement, Michel, 2007, *Le Travail. Une sociologie contemporaine*, Paris, Gallimard.

Marx, Karl, 1867, *Le Capital*, Livre 1, Paris, PUF.

Méda, Dominique et Vendramin, Patricia, 2013, *Réinventer le travail*, Paris, PUF

Mercure, Daniel et Spurk, Jan (dir), *Les théories du travail*, Laval, Presses de l'Université Laval

Naville, Pierre et Friedmann, Georges, 1961, *Traité de sociologie du travail*, Paris, Armand Colin.

Vatin François, 2014, *Le travail : Activité productive et ordre social*, Paris, Presses universitaires de Paris Ouest.

Volkoff, Serge, 2006, « Montrer » la pénibilité : le parcours professionnel des éboueurs, *actes de la recherche en sciences sociales*, No 163, PP 62-71.

Soumisyon pwopozisyon

Pwopozisyon kominikasyon yo dwe soumèt jouk 26 Mas 2021 sou lyen sa a:

<https://www.charesso.org/journee-detudes-sur-le-travail/soumission-de-communication/>

Pwopozisyon yo dwe genyen ant 2000 ak 2500 karaktè (espas enkli, bibliyografi pa enkli) ak senk mo kle.

Kalandriye :

Resepsyon pwopozisyon yo	26 mas 2021
Notifikasyon a otè yo	2 avril 2021
Reyalizasyon jounen etid la	30 Avril 2021

Pou komite òganizatè a:

Bengie Alcimé : benalcime@gmail.com

Lefranc Joseph : lefranc.joseph@charesso.org

Wilsot Louis : wilsotlouis@gmail.com

Bernadin Larrieux: bernadin.larrieux@charesso.org